



KÒD ETIK

ANTRPRIZ LO CAMPINO

KÒD ETIK

ANTRPRIZ LO CAMPINO

PREFAS

Pawòl Prezidan Kòporativ la

Nan dokiman sa a moutre prensisp yo ki te enspire depi nan kòmansman Aksyon nou yo epi a travè ane yo ki te pèmèt kreye yon kilti ki pwòp ak idantite nou, menm jan tou li te posib pou nou te fòme yon ekip de travay ki te pèmèt nou rezoud anpil **defi ke nou te fè** fas ak posibilite ki te fè grandi nan Antrepriz Lo Campino. Valè sa yo pèmèt Antrepriz la grandi epi jwenn bon rezilta ak tout objektif li yo. Tout sa nou reyisi nan ane ki pase yo se rezilta efò tout moun ki respekte valè ki nan kòd sa a, tout sa ki te rann posib pou Lo Campino rekonèt nou fyè epi nou remèsye tout moun ki te pèmèt nou jwenn rezilta sa yo.

An nou pwoteje kilti a ke nou te konstwi ansanm nan epi nap kontinye kenbe yon bon klima de travay, nap enspire koreksyon Aksyon nou yo, sa kap pèmèt nou kontinye avanse epi fè siksè nan ide ak tout rèv nou yo.

José Miguel Guzmán Lyon

ENTWODIKSYON

Kòd Etik sa gen prensip, valè ak nòm ki dwe oryante nan chak jou yo tout moun ki nan antrepriz Lo Campino a, nan fason yap fonksyone pou yo ka garanti yon bon milye de travay avèk transparans, ekselan, angajman nou genyen ak kominote a avèk inovasyon efikasite nou nan konpayi a.

Nou se yon gwoup antrepriz ki gen aktivite, aktivite ki konsantre nan pwodiksyon, komèsyalizasyon ak distribisyon machandiz ak sèvis sou mache nasyonal la, ak konstriksyon epi nan vann kay pou moun abite. Objektif nou se pou asire epi amelyore kalite lavi tout kliyan nou yo, ak nan tout tout sèvis ke nou ofri sou mache a.

Anplis nou se yon mak ki rekonèt a nivèl Nasyonal, menm jan sou mache lavant kay yo ak lòt pati nan endistri a, pa egzanp agrikilti. Youn nan pilye ki nan kòd etik ki pèmèt nou satisfè tout cliyan yon se angajman tout travayè. ¿Poukisa Kòd etik la? Nou konprann nan mòd ki konkrè ke Kòd etik la se yon fason pou ou akonpli yon misyon ak misyon (Nou se Antrepriz ki konfyab nan sektè prive ak piblik la kap chache amelyore kalite de vi cliyan yo ak kolaboratè yo a travè inovasyon, kalite, efisyan, travay an sekirite, se obsèvasyon Kòd etik sa ki pral sèvi nou yon gid epi yon enstriman kap ede nou evite tout konfli ki kap prezante kotidyèman nan antrpriz la.

Se avèk anpil fyète nap deklare ke tout rezilta bon travay nou genyen yo se efò Antrepriz la ansanm ak tout travayè nou yo, sa reprezante dezi ak bon kondwit nou tap tann de tout kolaboratè ki nan antrepriz nou an. Nan kontèks sa, dokiman sa a ke nou prezante a, li se yon ekspresyon de yon règleman kap pèmèt nou poze aksyon nou yo ak ekselans, konpwomi ak respè, lap yon benefis pou nou, menm jan tou pou kliyan nou yo.

Obsèvasyon Kòd etik sa a gen lòt benefis tankou, bese nesesitye pou nou sipèvize travayè nou yo, lap redwi konfli, li ofri kritè ki nesèsè pou reponn dout oubyen rezoud konfli ki anndan antrepriz la, menm jan ak kliyan nou yo, materyèl yo ak eleman de sekirite. An kosekans Kòd etik sa se pa yon “eleman de fòs « ki ap anpeche travayé yo fè travay yo ak kè kontan nan travay nap reyalize chak jou nan antrpriz la li pa eleman de entèdiksyon.

CHAPIT I

Prensip ak nòm jeneral yo

Atik. 1. – Angajman avèk kòd la etik la. Tout manm nan nan antrepriz Lo Campino a gen pou obligasyon moral pou kondwi ak devlope kapasite pwofesyonèl yo nan akò a ak nòm ak prensip ki genyen nan kòd la. Avèk yon objektif kap ede nou kenbe ak pwoteje antrepriz nou an, chak manm nan antrepriz la gen yon kapasite diy ki akòde ak fonsyon lap ranpli nan antrepriz la, nan fason sa tou kondwit li dwe pwouve respè pou diyite lòt moun ak prensip etik yo.

Atik. 2.- Rezilta ak aplikasyon kòd la etik la. Kòd sa aplike pou tout moun ki nan antrepriz Lo Campino a san eksepsyon. A tout e chak moun gen nòm ak obligasyon pa yo ladanl. Se poutèt sa, se responsabilite pou tout moun aplike li san manke.

Art. 3.- Devwa jeneral yo. Tout manm yo ki nan antrepriz la pa dwe nan okenn sitiasyon pou vyole oubyen manke aplike prensip ki nan kòd etid la, oubyen ki pa aplike la lwa oubyen yo. Menmjan tou sa a pa depan de relasyon li yo ak kliyan yo nan antrepriz la depil pa aplike prensip ak nòm ki nan kòd etik la.

Art. 4.- Devwa de koyerans. Okenn akò, kontra oubyen yon bagay ki di kontrè de sa ki nan kòd la sou non Lo Campino, oubyen eskiz de obligasyon responsabilite pwofesyonèl pa dwe ekri yon kontra sou antrepriz la moun pa gen dwa fè sa yo.

Art. 5.- Rezolisyon konfli yo. Rezolisyon konfli yo. Konfli yo pa gen okenn plas nan mitan antrepriz la. O kontrè. Nan evantyalite ki ekziste dout nan entèpretasyon yo ki nan kòd la, yo dwe konsilte gen yon komite etik la, komite dwe fè yon apèl pou jwenn ak moun sa yo pou yo ka eksplike yo epi pou yo ka pwoteje antrepriz la.

Art. 6.- Pran rezon nan Kòd la. Okenn manm nan antrepriz la pa kapab ajoute yon bagay ki inyoran nan prensip ak nòm yo ki nan kòd la. Depi anndan antrepriz la oubyen nan paj entènèt antrepriz la.

Art. 7. - Akonplisman nòm legal yo. Byen ke kòd sa gen yon karaktè etik, li se yon akonplisman nan nòm legal yo kap gouvène antrepriz yo ak biznis yo nan peyi nou an.

Art. 8.- Devwa pou denonse tout aksyon, ki. Se devwa tout manm antrepriz la pou yo denonse tout sa yo wè ki kontrè ak sa ki nan kòd etik la. Jan de aksyon sa yo ap konsidere tankou yon mank de respè pou nòm ke antrepriz la etabli a.

CHAPIT II

Konpòtman ak pèfòmans nan travay

Atik. 9. - Zak ki kontrè ak etik la. Yo pral konsidere moun ki opozan ak etik avèk konpòtman sa yo:

- a) Pèmèt, Komèt, kontribye nan sa komèt mankman nan etik lakont lòt moun ki siperyè.
- b) Resevwa oubyen ofri benefis de nenpòt espès de gesyon an chaj pwofesyonèl yo.
- c) Fè konpetisyon ak lòt kòlèg
- d) Joure oubyen kalomnye oubyen glise kòmantè dirèk oubyen endirèkteman fè mal ak non oubyen prestij antrepriz la oubyen nenpòt nan manm yo.
- e) Refòmile oubyen Chanje travay teknik (pwojè, enfòmè, balans, kontra, elatriye) pèsón pagen otorizasyon pou refòmile san chef siperyé yo pat otorize.
- f) Atribiye ide, pwojè, dokiman konvenyo kontra ke se pa otè a.
- g) Chanje enfòmasyon oubyen bay enfòmasyon ki fo, nan objektif poul ka reyalize yon lavant oubyen yon benefis de antrepriz la.

Atik. 10.- Tach nan travay la. Okenn manm nan antrepriz la pa dwe asepte yon tach, fonksyon ke li santi materyèlman ki enposib pou li reyalize.

Atik. 11.- Konpetans pwofesyonèl. Oken travayè nan antrpriz la pa gen obligasyon pou asepte yon tach oubyen fè yon travay sanl pa resevwa yon kapasitasyon oubyen si li pa konpetan pou sa.

Atik. 12.- Enfòmasyon ki sere oubyen ki sovgade. Tout travayè yo nan antrepriz la ki gen aksè a baz de done pèsònèl yo oubyen kigen aksé ak tout enfòmasyon pèsonel yo oubyen enfòmasyon privilejye yo, oswa prive nan antrepriz la, de kliyan yo, yo pral evite sèvi ak move enfòmasyon, avèk eksepsyon sise yon investigasyon ki bay moun nan otorizasyon poul anchaje pou sa.

Atik. 13.- Bón Itilizasyon konpitè yo ak Imel elektwonik enstitisyonèl yo. Konpitè oswa imél lektwonik yo la sèlman pou travay ki gen relasyon ak antrepriz la. Tout travayè yo dwe evite yo pou zafè pèsònèl yo, nan lè travay la oubyen aprè sof si ta gen otorizasyon youn nan chèf ki pi wo yo. Nan menm fason sa tou yo pa dwe itilize kolewo pèsònèl yo pou regle zafè antrepriz la.

Atik. 14.- Enfòmasyon ki pou antrepriz la. Tout enfòmasyon yo ki nan Ódinatè yo, oswa sipó elektwonik ki pou pou antrepriz la, dwe gen yon general karaktè piblik sof sa ki konsidere kòm rezève oswa privilejye. Moun ki responsab yo dwe gen tout konpitè yo anrejistre.

Atik.- 15.- Enfòmasyon ki gen anpil enpòtans oubyen privilejye, estratejik, oubyen sansib. Travayè yo ki nan antrepriz la gen pou devwa kenbe tout enfòmasyon ki dwe rezève ki kapab yon benefis pou antrepriz la.

Atik.16.- fidél ak antrepriz la oubye rèspè pou antrepriz la. Travayè yo ki nan antrepriz Lo Campino a dwe prezante devan chéf antranpriz la an konsekans ak tout sitiyasyon kifé yo mal yo dwe enfòme avèk siperyè yo oubyen moun ki koresponn yo.

Atik.17.- Jere lajan oubyen lòt resous nan antrepriz la. Nan ka moun kap jere finans yo, manm antrepriz la gen obligasyon moral, legal poul fè yon itilizasyon ki bon nan fon yo. Depil itilize yo mal menm si se pa yon benefis pèsònèl, yap konsiderel tankou yon malveyan epi an konsekans, tankou fot ki grav nan etik la.

CHAPIT III

RELASYON ANADAN ANTREPRIZ LA

Atik. 18.- Valè lajwa. Lajwa se yon dipozisyon pozitif ki manifeste deyó, nan yon moun atravè yon souri, yon bon imè ak optimis. Li se fri konpotman moun, de yon bon travay ki fèt ak konnen valorize lot moun ak siperyè ou yo.

Li trè byen lè gen yon bon klima nan travay avèk travayè yo, yo kontan e sa motive yo epi sa fè antrepriz la vin pwodwi plis epi bay plis randman. Nan fason sa a, nan jesyon modèn nan lajwa parèt kòm yon eleman de jeksyon. San nou pa derekonèt enpotans tout sa nou sot mansyone la yo se pwomosyon lajwa nou preyokipasyon nou pou travayè nou yo. Nan Antrepriz Lo Campino nou se yon kominote ki bay enpotans ak sekirite tout travayè nou yo pou yo ka travay nan yon bon klima. Yon klima travay trankil ak lot avantaj ankó, sa jere relasyon estab kodyal ant tout travayè yo nan antrepriz la sa ap ranfose estim pou pwop tet yo, Konfyans ak travay an ekip.

Lajwa ap tabli nan antrepriz la, atravè yon bon sans de imè, jès emab, salitasyon ak yon souri, optimis anfas advèsite yo.

Atik. 19.- Respè mityèl ak klima travay la. Respè mityèl ant manm antrepriz la se yon kondisyon ki enpotan pou kenbe yon amoni nan relasyon travay la, tout fwa antrepriz Lo Campino konsidere ke lye de travay la se yon prensipal mwayen pou grandi ak reyalizasyon pèsone.

Atik. 20.- Devwa de enfomasyon. Tout manm antrepriz la pral kapab itilize kanal adekwat yo ki detemine pou chak mwayen de kominikasyon avèk moun siperyè oubyen Chéf yo.

Atik. 21.- Devwa de efikasite. Tout moun nan antrepriz la gen yon devwa moral poul reyalize travay li ak maksimom kapasite li ak efikasite. Devlopman medyok oubyen fé parese nan fason entansyonèl ap konsidere kom yon fot grav nan kod etik la.

RELASYON AK LOT MOUN

Atik. 22.- Respè mityèl. Tout moun nan antrepriz la dwe fè travay li ak respè pou chèf li ak moun ki soutet li yo.

Atik. 23.- Devwa pou denonse. Li se yon devwa ak yon obligasyon pou tout travayè ki nan antrepriz la pou denonse tout abi ke li ta sibi de de nenpòt moun nan antrepriz la.

Art. 24.- Devwa de solidarite. Solidarite dwe prezan nan tout pati nan antrepriz la endepandaman nan relasyon siperyè yo, li dwe manifeste nan tout bagay.

Yo dwe manifeste volonte yo pou akonpli tout obligasyon, yo dwe akonpli sa ki nan nan kòd la.

Art. 25.- Delegasyon de responsabilite. Okenn manm nan antrepriz la pa gen dwa pou neglije fonsyon travay li pou yon lot bagay sof si li ta resevwa otorizasyon de yon chéf siperyè.

Art.- 26.- Devwa de akonplisman. Tout moun nan antrepriz la dwe toutan disponib poul pataje sa li konnen ak eksperyans li yo a chak fwa ke sa ta nesèsè.

RELASYON AK SIPERYÈ YERACHIK YO

Atik. 27.- Devwa dilijan yo. Tout travay yon siperyè bay yon travayé fè li dwe akonpli l avèk dilijans, tout fwa lap kontribiyè ak akonplisman bon devlopman objektif antrepriz la. .

Atik. 28.- Objeksyon de konsyans.

Si yon manm nan antrepriz la ta resevwa yon misyon de yon siperyè poul fè yon travay li ta santi li vyole konsyans li, pou rezon paske li paka akonplil, li dwe enfome a komite etik la atravè mwayen de kominikasyon yo ki disponib nan antrepriz la.

RELASYON AK CHÉF YO

Atik. 29.- Devwa pwoteksyon.

Tout siperyè nan antrepriz la (pworiyetè pwopriyètè adjwen, dirèktè) dwe pwoteje **travayèyo nan tach yo, yo dwe efose yo pou ba yo meyè kondisyon pou yo travay, yo pa dwe discriminen yo pou rezon politik, rasyal, relijy, seksyèl genetik ou lot:**

Devwa de pwoteksyon yo, egzije obligasyon sa yo:

- a) Trete chéf yo avèk diyite, respè, pridans Jistis, met an konsiderasyon tout swen.
- b) Pa dwe diskriminasyon Chéf yo pou rezon de ras, relijyon, laj, nasyonalite, sèks ou kondisyon seksyèl, oubyen pou nenpòt lòt rezon.
- c) Pa pèmèt okenn fòm de vyolans oubyen abi rive li nan travay la.
- d) Ankouraje devlopman, kreyativite, fòmasyon ak pwomosyon pwofesyonèl pou chak sibòdone yo
- e) Bay pwomosyon ak sibòdone yo parapò ak devlopman yo nan travay la.
- f) Garanti poteksyon sekirite ak ijyèn nan travay la, pandan yap adopte mezi de prevansyon kont risk ak aksidan nan travay la.

g) Pwoteje amoni travay la avèk lavi pèsònèl chéf la ak fanmi li.

h) Ankouraje meritokrasi, sa vle di rekonèt epi ankouraje pou bay randman ke chéf yo ap espere.

Atik. 30.- Devwa de amoni. Siperyè a dwe evite tout tip de diskisyon ant travayé yo ki ka deteryore anbyans travay la. O kontrè li dwe reyalize yon pi gwo efò pou kreye kondisyon ki meyè pou ka gen yon bon amoni. Nan kontèks sa a, siperyè a dwe kreye yon inyon nan lye travay la pou gen konfyans nan kominikasyon ak nan koperasyon.

Atik. 31.- Devwa de fiskalizasyon. Tout siperyè dwe evite ke yon travayé vyole sa ki nan kòd la, si sa fèt lap okazyone yon domaj pou antrepriz la. Li se yon obligasyon poul denonse devan komite etik la tout Aksyon kontrè ke youn nan moun ki sou responsalite li yo ta komèt.

Atik. 32.- Byen itilize otorite a. Siperyè a gen otorite pou entèdi anndan antrepriz la tout vye konpòtman oubyen Aksyon ki kont lamoral oubyen bon abitud. Otorite a dwe egzèse nan jistis, nan okenn ka li pa dwe itilize otorite a poul fè abi.

Atik. 33.- Kondwit ki egzanplè. Siperyè a dwe fè efò poul gen yon kondwit ki egzanplè, non sèlman ak siperyè yo ak travayé yo tou, anndan kòm deyò antrepriz la. Li se yon devwa moral pou l se yon egzanp.

Atik. 34.- Devwa nan enpasyalite. Chèf la pa dwe bay yon travayé plis privilèg ke yon lòt, rezon paske se zanmil oubyen fanmil. An Konsekans, li dwe evite tout tip de diskriminasyon sa yo.

CHAPIT IV

Relasyon avèk patizan

Atik. 35.- Reyalizasyon lyen, kontra oubyen lót bagay paréy. Moun ki reprezante antrepriz la pa ta dwe siyen kontra oswa dokiman an jeneral, ki pat fèt pou moun li koresponn nan oubyen si li pa analize pa manm gesyon an.

Atik. 36. -Entèdiksyon pou resevwa lajan. Tout travayè yo ki nan antrepriz Lo Campino li entèdi pou resevwa lajan nan patizan oubyen nan men kliyan yo.

Atik.- 37.- Pridans nan resevwa kado. Tout kolaboratè nou yo ka resevwa kado ki soti nan men kliyan yo, kontrepati evantyèlman, sèlman si sa pap mete antrepriz la an danje. Lè yo resevwa yon bagay anndan antrepriz la yo dwe enfome sa ak chèf ki siperyè yo, si pri a wo anpil yo dwe enfome sa ak pati gesyon an pou yon evalyasyon.

Atik. 38.- Entèdiksyon pou ofri favé. Okenn travayè nan antrepriz la pa dwe ofri lajan ou rekonpans ak kliyan yo, yap etabli klèman de kisa sèvis yo konstitiye ak limit yo.

Atik. 39.- Devwa sou enfomasyon. Tout travayè nan antrepriz Lo Campino yo dwe enfòm siperyè yo de de sa yo fè nan avansman oubyen oubyen reta nan komunikasyon ki koresponn ak founisè yo oubyen kliyan yo.

Atik. 40.- Entèdiksyon pou fè travay pou antrepriz ekstèn yo. Tout anplwaye nan antrepriz nou andwe evite resevwa fè ti travay extra, san otorizasyon, moun nan reskonsab travay la oswa youn nan kó siperyè yerachi a.

Atik. 41.- Aktivite gratis (pre bono). Travayè yo nan antrepriz la ka patisipe nan aktivite pwofesyonèl san yo pa resevwa salè, yo dwe enfòm siperyè yo, siw ka evalye yon aktivite an deyò travay la sanw pa vyole règleman ak prensip ki nan konpayi a, oswa pwodui konfli enterè yo.

Atik. 42.- Konfli pou enterè. Li entèdi pou manm nan antrepriz la ta entèvni nan sitiyasyon yo, li pa dwe ap chèche pwop enterè li oubyen pou zanmi ak fanmi li.

Atik. 43.- Respè pou anviwònman an. Nan antrepriz nou an nou gen yon espesyal pwoteksyon pou anviwònman an, se poutèt sa yo pral privilejye relasyon yo ak òganizasyon oswa kominote a ki respekte anviwònman an epi ankouraje yon atitud pou kontinye pwoteje anviwònman an.

Atik. 44.- Respè pou orè travay la. Tout travayè nan antrepriz la dwe bay tan ki nesèsè pou reyalize objektif orè travay la oswa nan konpayi a. Yo dwe evite fè aktivite yo kip a gen rapò ak pèfòmans antrepriz la pandan lè travay la.

CHAPIT V

Angajman ak kliyan yo

Atik. 45.- Angajman ak ekselans. Li se yon devwa moral pou chak travayè yo konnen, mezi kapasite yo byen ak kliyan entèn yo ak ekstèn yo nan yon fason pou byen satisfè bezwen yo.

Atik. 46.- Angajman de transparans. Li se yon devwa moral pou travayè yo nan antrepriz Lo Campino a ofri kliyan enfòmasyon ki transparan, egzat epi ki klè. Nan menm fason sa, li se yon devwa ki pa sèlman legal, men sitou moral, pou li akonpli pwomès yo ak angajman ke kliyan yo rekomande oswa lòt moun.

Atik. 47.- Angajman de kalite. Antrepriz Lo Campino a nou deklare angajman etik li nan bon jan kalite kòm yon devwa inevitab. Sa a konpwomèt ak tout travayè yo nan antrepriz la pou yo ofri yon pwodwi bon kalite se rezilta yon pwosesis ki long oswa chèn de valè ki enplike tout antite yo ki nan antrepriz la.

Angajman sa a nan bon jan kalite a pa dwe redwi fabrikasyon yon pwodwi oswa bay yon sèvis, men pwolonje nan chak anplwaye nou yo. Angajman sa a fè disponib nan tout mwayen yo pou nou pou antrene ak ankouraje travayè nou yo.

Atik. 48.- Angajman ak inovasyon an. Konpwomèt pou ofri bon sèvis ak kliyan yo, Lo Campino konsidere sa kom yon devwa etik.

Atik. 49.- Angajman ak kominite a. Antrepriz Lo Campino declara deklare li pap afekte kalite de vi vwazen yo ki ap viv nan komin nan tout pre antrepriz la.

CHAPIT VI

Relasyon ak gwoup enterè yo

Atik. 50.- Devwa de pridans. Tout travayè nan antrepriz la dwe pran tout prekosyon ki nesesè pou evite sitistasyon ki ka met konfizyon oubyen koripsyon ak Aksyon ki kont moralite espesyalman avèk otorite gouvènmantal, minisipal, politik oswa piblik.

Atik. 51.- Devwa de transparans. Devwa nan transparans. An akò ak atik anvan an, nap anrejistre chak reyinyon yo ki ta fèt ak otorite yo yap dokimante, epi nap enfòme siperyè yo ki nan yerarchi a.

Atik. 52.- Relasyon ak founisè yo. Antrepriz Lo Campino a ap bay privilèj ak founisè ki kontribye nan pwoteksyon anviwonman an o mwayen de sa yap pwodwi oubyen sévis wap bay, depil kontriye nan pwoteje anviwonman an.

CHAPIT VII

Administrasyon Kòd Etik la

Atik. 53.- Konstitisyon Kòd Etik la. Administrasyon kòd sa a pral sou responsabiltè Komite etik antrepriz Lo Campino a, li konpoze ak moun sa yo:

- **Pwezidan konporativ la**
- **Vis Prezidan Egzekitif**
- **Kontwolè**
- **Direktè Legal**

Komite Etik la ap gen obligasyon pou defini aksyon ki dwe fèt lè gen yon fot grav ki pa nan Kòd sa a oswa règleman legal yo ki nan nan peyi nou an, dapre pwosedi jeneral ke Komite a etabli a.

Komite sa a ta dwe konseye tou lòt kolaboratè yo sou etik la ak entegrite epi ede yo ak tout enkyetid ki ka prezante.

Art. 54.- Liy Etik. Nan Objektif pou tout moun nan antrepriz Lo Campino a gen posibiltè pou enfòmasyon sou nenpòt ratman ak yon fot grav ke kòd etik la pa asepte oubyen nòm peyi a, se sak fè yo etabli yon liy etik ki administre pa yon lòt antrepriz deyò antrepriz Lo campino, epi ki ka jwenn aksè nan Paj Web, imèl elektwonik.

Enfòmasyon ke yo jwenn nan nenpòt nan youn nan sit oubyen kanal de enfòmasyon sa yo, yap toujou resevwa pa antrepriz ekstèn nan, yo menm yal voye done sa yo bay Komite Etik Lo campino a, epi yo rap rete kòm done konfidansyèl, li ka fèt yon fason anonim, si ou vle. Si yo te resevwa enfòmasyon yo atravè imèl, li pwal antre nan antrepriz konsiltasyon ekstèn nan pou yo kenbe repozisyon de tout denonsiyasyon ke yo te resevwa nan gwoup la.

Ede nou amelyore ak rapòte sityasyon sa yo ke nou konsidere ki pa alinye gwoup etik nou an, nou ka fè sa pa mwayen sa yo.

EPILOG

Konpayi nou an konsidere tout anplwaye li yo, kèlkeswa ran oswa fonksyon yo, kòm yon poto prensipal ki kenbe travay nou yo ak pwojè yo. An konsekans, li se devwa inevitab pou tout moun nan konpòtman moral nan fè egzèsis yo, nan egzèse fonksyon yo. Konpòtman nou dwe yon egzanp tout tan, konduit ak konfòmite epi valè yo ke konpayi Lo Campino etabli. Ekselans pwofesyonèl nan konpayi a, pa sèlman mezire pa konesans teknik, men sitou nan konpòtman chak nan nou. An konsekans, prezans kòd sa a, bay sekirite ak konfyans ak kliyan nou yo, founisè, patnè ak moun ki gen enterè, lejitimite, biznis nou an ap ranfòse prestij nou ak imaj nou kòm Lo Campino. Si gen kèk aksyon ki pwodwi ki kontrè ak etik la de kèk moun nan mitan nou ta komèt. Prestij nou te reyalize apre anpil ane, nou ka pèdi li nan kèk minit.

KONTAK LIY ETIK LA

Sonje ke enfòmasyon ou bay nan kanal sa yo pral trete konfidansyèlman epi yo ka fèt de yon fason anonim, si se konsa ou prefere. Enfòmasyon sa a yo pral resevwa pa yon antrepriz konsiltasyon deyò de Gwoup Lo Campino a, ki moun ki pral dériver enfòmasyon yo background nan komite etik Gwoup la, reprezante pa Prezidan an Kòporativ la, Vis Prezidan Egzekitif la, kontwolè a ak Direktè Legal la.

La a ou pral jwenn atansyon pèsonalize depi 10:00 a.m jiska 6:00 p.m., otomatik ki fonksyone 24 èdtan nan yon jounen, 7 jou nan semèn nan.

- IMEL ELEKTRONIK** contacto@lineaetica-locampino.cl
- PAJ ENTENET** <https://lineaetica-locampino.cl>

Klike sou "REPORTE AQUÍ " pou reyalize yon kominikasyon oswa swivi pou ajoute plis enfòmasyon nan rapò ou.